



KONNEN DWA OU NAN TRAVAY

Moun ki nan Etazini, *menm imigran san papye*, gen dwa Konstitisyonèl ak pwoteksyon. Ni imigrasyon ni lapolis pa pral asime ou vle fè egzèsis dwa w. Se ou ki dwe fè yo konnen sa lè ou montre yo kat "Konnen Dwa Ou" ou oswa lè ou di ofisye a ou ap fè egzèsis dwa w.

Si ICE (ofisye imigrasyon) vini nan travay ou, yo dwe an jeneral gen yon manda rechèch oswa konsantman anplwayè ou pou yo fouye zòn ki pa piblik. Si ICE apwoche ou, ou gen dwa ki pwoteje ou.

► Ou ta dwe mande si ou lib pou ale.

Si ICE apwoche ou an piblik, ou ka mande si ou lib pou ale. Si repons lan se "wi", mache dousman, tou dousman, ak an silans. Pa kouri ni pale. Si yo di "non", pa mache ni pa kouri ale. Rete kote ou ye a.

► Ou gen dwa pou refize fè yon liy.

Si ofisye yo di ou fè yon liy selon sitiyasyon imigrasyon, ou gen dwa rete kote ou ye a oswa deplase nan yon kote ki pa deziyen pou yon gwoup espesifik anplwaye. Ou ka di ofisye yo ke ou envoke dwa w pou rete an silans. Si yo oblige ou deplase, pa reziste.

► Ou gen dwa pou refize yon fouy.

Ou pa bezwen bay konsantman ou pou yon fouy sou ou oswa sou bagay ki pou ou oswa bay prèv otorizasyon travay. Di klèman ke ou pa bay konsantman. Refize konsantman ka pa sispann ofisye a. Si ofisye a kontinye fouye sou ou oswa sou bagay ki pou ou, rete kalm, pa reziste enspeksyon an, epi kenbe men ou kote ofisye a ka wè yo. Deklare opozisyon ou pwoteje dwa w.

► Ou gen dwa pou rete an silans.

Ou pa bezwen reponn okenn kesyon san prezans yon reprezantan legal ou. (Nan kèk eta, yo ka oblige w di non ou si yon ofisye mande pou idantifye ou e yon ofisye ka arete ou si w refize fè sa.) Ou ka montre ofisye a kat "Konnen Dwa Ou" ou oswa di ofisye a ou ap fè egzèsis dwa w pou rete an silans. Si ou oblige pale, jis di ke ou ta renmen pale ak reprezantan legal ou anvan ou reponn kesyon yo.

- Sèlman bay idantifikasiyon ou lè lalwa mande w fè sa.*
- Pa di ofisye a ki peyi nasyonalite ou ye.
- Pa reponn kesyon.
- Pa siyen okenn papye.
- Pa pote dokiman fo.
- Pa entèfere fizikman ak rechèch la.

► Ou gen dwa pou pale ak yon avoka.

Si ofisye a di ou ke ou pa ka ale, yo te kenbe ou. Ou ta dwe mande pou pale ak yon avoka epi rete an silans. Ou gen dwa pou pale ak yon reprezantan legal. Pa gen pwoblèm si ou pa te anboche yon reprezantan legal; ou toujou gen dwa pou konsilte youn.

Pale ak yon defansè lokal sou si ak lè ou dwe pwodwi idantifikasiyon. Pou egzanp, nan pifò eta, ou dwe montre yon pèmi kondwi si ou gen youn epi yo rale ou sou kote; ou dwe montre idantifikasiyon imigrasyon ou bay yon ofisye imigrasyon ki mande li si ou gen sitiyasyon legal e ou pa yon sitwayen Etazini.